

29 novanm 2020

Chè fanmi,

Mwen swete ou te repoze w pandan poz la, avèk yon opòtinite pou pase tan avèk fanmi w.

Kòm ou konnen, 18 novanm lan, nou te fèmen tanporèman bilding lekòl pou ansèyman ak aprantisaj, epi tout elèv lekòl leta Vil Nouyòk te fè tranzisyon nan aprantisaj adistans konplètman. Jodi a, mwen kontan ekri ou avèk plan nou pou reouvri bilding lekòl yo pou ansèyman anpèsòn pou anpil nan elèv nou yo. Kòm toujou, sante ak pwoteksyon rete pi gwo priyorite nou, epi lèt sa a gen enfòmasyon tou konsènan tès ki obligatwa chak semèn nan lekòl pou COVID-19 nan tout bilding ki reouvri, ak ki jan ou ka remèt fòm konsantman yo mande a.

Gid ki pi ba a la pou elèv ki nan aprantisaj mik, ki te deja chwazi pou aprann nan bilding lekòl la yon pati nan semèn lan, ak lakay yo pou rès semèn lan. Elèv ki te chwazi aprantisaj konplètman adistans avan fènti bilding yo ap kontinye aprann adistans aplentan.

Kilè pitit mwen an ka retounen nan aprantisaj anpèsòn?

- Elèv nan klas 3K rive klas 5yèm ane ap retounen nan aprantisaj anpèsòn kòmanse jou: **Lendi 7 desanm**.
 - Sa gen ladan tout elèv ki nan klas 3K rive 5yèm ane, atravè tip edikasyon debitan ak lekòl primè (e.g., nan lekòl K-2, lekòl K-3, lekòl K-5, menm jan an tou nan Sant Pre-K distri yo, lekòl K-8 , ak lekòl K-12).
 - Sa pa gen ladan lekòl Eta a kategorize kounye a nan Zòn Ooranj, oswa nan Zòn Wouj si yo deklare yo. Ou ka wè si lekòl ou a nan Zòn sa yo kounye a nan <http://nyc.gov/covidzone>.
- Elèv nan tout nivo klas nan Distri 75 ap retounen nan aprantisaj anpèsòn kòmanse jou: **Jedi 10 desanm**.
 - Sa tou pa gen ladan lekòl Eta a kategorize nan Zòn Oranj, oswa nan Zòn Wouj.
- Elèv ki nan klas 6yèm jiska 12yèm ane (andeyò Distri 75) ap kontinye aprann adistans jiska nouvèlòd.
- Elèv ki fèk vwayaje andeyò Nouyòk nan yon kote ki sou lis zòn ki gen anpil ka yo dwe fè karantèn pou 14 jou. Ou gen tou opsyon pou fè tès soti nan karantèn dapre lòd Eta a: <https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory>. Elèv dwe kontinye ranpli kesyonè sou sante a chak jou.
- Dat retou sa yo aplike pou elèv ki nan aprantisaj mik, ki chwazi aprantisaj mik pandan dènye peryòd pou yo te fè sa a.

Kisa mwen bezwen fè pou m retounen nan bilding lekòl la?

Pou pitit ou a ka retounen nan aprantisaj anpèsòn, ou dwe remèt fòm konsantman pou tès COVID-19 nan lekòl la nan premye jou pitit ou a retounen nan bilding lekòl la. Y ap fè tès chak semèn pou yon gwoup anplwaye ak elèv nan lekòl pitit ou a yo chwazi oaza. Nan batay n ap mennen kont yon retou COVID-19 nan tout vil la, tès sa a ki obligatwa chak semèn pou COVID-19 se yon pati enpòtan nan plan nou pou kenbe tout lekòl yo an sekirite. **Tout elèv ki nan klas 1ye ane oswa pi wo ki retounen nan bilding lekòl yo dwe remèt yon fòm konsantman pou tès COVID-19 nan lekòl la avan premye jou yo retounen nan bilding lekòl yo.**

- Tout elèv ki nan klas 1ye ane oswa pi wo ki retounen nan bilding lekòl yo dwe remèt yon fòm konsantman pou tès COVID-19 nan lekòl la rive premye jou yo tounen an. Elèv 3K, Pre-K, ak Kindergarten pa nan tès oaza a.
- Tès la fèt byen vit, san danje ak fasil, Gen yon videyo ki montre pwosesis tès la ki disponib nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Kòman mwen ka voye konsantman an?

Voye fòm konsantman pou yo ka teste pitit ou a nan lekòl kont COVID-19 la rapid ak fasil. **Menm si ou te deja remèt konsantman, nou mande ou pou fè sa ankò pou asire elèv ou a gen dènye fòm konsantman an nan dosye li.** Gen de fason ou ka bay konsantman w:

1) Ranpli fòm lan sou entènèt avèk yon Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, (NYCSA) nan mystudent.nyc.

- Si w deja gen yon kont NYCSA ki lye avèk elèv ou a(yo): Log in, klike sou non elèv ou a, klike sou "Manage Account," epi apre, lè yon meni k ap deroule parèt, klike sou "Fòm Konsantman (Consent Forms)." Li paj la, epi chwazi opsyon konsantman an nan fen an pou elèv ou a.
- Si ou poko gen yon kont NYCSA: Ou ka kreye youn tousuit! Si lekòl ou a te ba w yon kòd pou kreye yon kont, ou ka kreye tout yon kont nan apeprè senk minit, epi apre, bay konsantman w jan nou dekri sa pi wo a. Si lekòl ou a pa t ba w yon kòd kreyasyon kont, ou ka toujou bay konsantman ou tousuit lè w klike sou "Jere Konsantman (Manage Consent)" anba "COVID-19 Testing" ak ranpli enfòmasyon pou ou ak pou pitit ou a pou bay konsantman an.

2) Ekri an lèt detache epi siyen fòm ki vini avèk lèt sa a epi pote li nan lekòl pitit ou a nan premye jou li retounen nan bilding lekòl la. Yon fòm an PDF disponib nan 10 lang nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Eske mwen ka jwenn eksepsyon pou tès chak semèn lan?

Y ap bay eksepsyon pou kèk ka byen limite:

- Pou elèv ki bezwen yon eksepsyon medikal, akòz yon kondisyon sante ki ta fè li an danje pou fè tès (pa egzanp, chòk vizaj, operasyon nan nen), ou pral kapab remèt yon fòm separe pou yo konsidere sa. Se yon doktè ki dwe siyeb fòm sa a epi ou dwe remèt dokiman medikal founisè swen sante bay.
- Pou elèv ki gen andikap ki pa kapab fè tès la san danje nan lekòl la akòz tip andikap yo, ou pral kapab remèt yon demann apa pou yon eksepsyon.
- Fòm eksepsyon an ap disponib an anglè Lendi 30 novanm nan schools.nyc.gov/covidtesting. Ap gen tradiksyon disponib yon ti tan apre.

Kisa k ap rive si m pa voye konsantman an?

Ou dwe remèt konsantman an jou pitit ou a retounen nan bilding lekòl ou an; sa a se dat delè a, epi nou bezwen tout elèv patisipe.

- Si pitit ou a vin lekòl nan premye jou li retounen pou enstriksyon anpèsòn lan san yon fòm konsantman nan dosye li, direktè lekòl ak anplwaye lekòl la ap kontakte ou pou jwenn konsantman w.
- **Aprè sa, elèv ki pa gen fòm konsantman nan dosye, ki pa remèt yon eksepsyon medikal oswa ki baze sou andikap dwe pase nan enstriksyon konplètman adistans.** Direktè lekòl pitit ou a gen pou ba w plis enfòmasyon sou eksepsyon yo semèn sa a.

E si lekòl pitit mwen an nan yon Zòn Oranj oswa Wouj?

- Pou kounye a, lekòl nan Zòn Oranj rete fèmen pou aprantisaj anpèsòn.
Nou ap travay avèk Eta a pou devlope yon plan pou reouvri bilding nan Zòn Oranj yo pi vit posib.
- Nou pral pataje enfòmasyon yo dèke Eta Nouyòk konfime yon plan.
- Kounye a pa gen Zòn Wouj nan Vil Nouyòk, men dapre Eta a, bilding lekòl nan Zòn Wouj yo ta dwe fèmen tou.

Kòm toujou, mwen rekonesan pou fleksibilite ou ak pasyans ou pandan n ap kontinye wout nou ansanm nan ane san parèy sa a.

Nou tout ki nan DOE konsantre sou yon edikasyon solid, ki bay sipò pou pitit ou chak jou — kèlkeswa kote l ap aprann lan — epi sa pap janm chanje.

Nou pa ka tann pou akeyi elèv yo ankò nan bilding lekòl yo nan semèn kap vini yo.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk